दिन—बुधवार दिनांक—01.10.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्र सरकार देश भरि मे संतावन नव केन्द्रीय विद्यालय खोलबाक स्वीकृति देलक अछि। एहि विद्यालय सभक निर्माण पर पांच हजार आठ सय बासठि करोड़ टाका सँ बेसीक लागति आओत। कैबिनेटक बैसकक बाद सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि जे एहि मे उनैस केन्द्रीय विद्यालय बिहार मे खोलल जायत। सीतामढ़ी, कटिहार, कैमूर, मधुबनी, शेखपुरा, मधेपूरा, पटना, अरवल, गया, पूर्णियां, भोजपुर, मुजफ्फरपुर, मुंगेर, दरभंगा, भागलपुर, आ नालंदा जिला मे एहि विद्यालयक स्थापना कयल जायत। पटना, शेखपुरा आ मधुबनी जिला मे दू—दू केन्द्रीय विद्यालय खोलबाक प्रस्ताव के स्वीकृति भेटल अछि। कैबिनेट केन्द्रीय कर्मी ओ पेंशनभोगी सभक महंगाई आ राहत भत्ता मे तीन प्रतिशत के वृद्धि कयलक अछि। नव दर एक जुलाई सँ प्रभावी होयत। श्री वैष्णव जनौलनि जे एहि सँ केन्द्र सरकारक लगभग उनचास लाख बीस हजार कर्मचारी आ अड़सठि लाख सत्तरि हजार पेंशनभोगी सभ के लाभ होयत।

---

केन्द्रीय मंत्री जनौलनि जे मंत्रिमंडल दलहन मे आत्मनिर्भरता मिशन के सेहो स्वीकृति दऽ देलक अछि। घरेलू उत्पाद के बढ़ाव देबाक आ दलहन मे आत्मनिर्भरता प्राप्त करबाक उद्देश्य सँ ई एक ऐतिहासिक डेग अछि। ई मिशन दू हजार पचीस—छब्बीस सँ दू हजार तीस—एकतीस धरि छओ वर्षक अवधि मे एगारह हजार चारि सय चालीस करोड़ टाकाक वित्तीय परिव्यय के संग लागू कयल जायत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ नव दिल्ली मे राष्ट्रीय स्वयं सेवक संघ— आरएसएस के शताब्दी समारोह मे सम्मिलित भेलाह। एहि अवसर पर अपन संबोधन मे प्रधानमंत्री कहलनि जे आरएसएस राष्ट्र निर्माणक लेल कार्यरत अछि। एहि अवसर पर श्री मोदी एक विशेष स्मारक डाक टिकट आ सिक्का सेहो जारी कयलनि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे आयोजित कार्यक्रम सँ चारि हजार एक सय बीस करोड़ टाकाक लागति सँ जनसुविधा आ विकास सँ संबंधित विभिन्न योजना सभक शिलान्यास आ उद्घाटन कयलनि। संगहि मुख्यमंत्री फसलि क्षतिपूर्ति योजनाक अंतर्गत दू लाख एकतालीस हजार सँ बेसी किसान सभक बैंक खाता मे एक सय तेरह करोड़ टाका सँ बेसीक राशि अंतरित कयलनि।

———————————————————————

केन्द्र सरकार सीतामढ़ी–जयनगर–निर्मली रेल लाईनक निर्माण के स्वीकृति दऽ देलक अछि। रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव राज्यक ऊर्जा मंत्री विजेन्द्र प्रसाद यादव के लिखल एक पत्र मे ई जनतब देलनि। एहि रेल लाईनक निर्माण सँ सीतामढ़ी, मधुबनी आ सुपौल जिला सोझे जुड़ि जायत।

———————————————————————

दुर्गा पूजाक अंतिम दिन आइ देवी दुर्गाक नवम् स्वरूप मां सिद्धिदात्री के पूजा–अर्चना जा रहल अछि। मान्यताक अनुसार माताक ई स्वरूप सिद्धि सभ के प्रदान करयबला होइत अछि। कतेको ठाम आइ कन्या पूजनक अनुष्ठान सेहो कयल जा रहल अछि। एहि अवसर पर राजधानी पटना सहित प्रदेशक विभिन्न शक्तिपीठ, मंदिर आ पूजा पंडाल मे पूजा–अर्चनाक लेल श्रद्धालु लोकनिक नम्हर पांति लागल अछि। काल्हि विजयादशमीक पावनि तिहार मनाओल जायत।

———————————————————————

दुर्गा पूजाक अवसर पर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रदेशवासी सभ के शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल अपन शुभकामना संदेश मे कहलनि जे दुर्गा पूजाक पावनि तिहार हमरा सभ के उच्च आदर्श के धारण करबा आ शाश्वत जीवन मूल्य के आत्मसात करबाक प्रेरणा दैत अछि। मुख्यमंत्री अपन संदेश मे प्रदेशवासी सभ सँ सांप्रदायिक आ सामाजिक सद्भाव बनाओल रखबाक अपील कयलनि अछि।

———————————————————————

दुर्गा पूजा के देखैत पूरा प्रदेश मे सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। सभ जिला मे अतिरिक्त पुलिस बलक तैनाती कयल गेल अछि। संवेदनशील स्थान सभ पर सीसीटीवी कैमरा सँ निगरानी कयल जा रहल अछि। असामाजिक तत्व सभ पर नजरि रखबाक लेल पूजा पंडाल लऽग सादा वर्दी मे सुरक्षाकर्मी तैनात कयल गेलाह अछि। स्वास्थ्य विभाग सभ

प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्र सँ लऽकऽ सभ मेडिकल कॉलेज अस्पताल के अलर्ट मोड पर रहबाक निर्देश देलक अछि।

—————————————————————————

बंगालक खाड़ी मे एक निन्म दबावक क्षेत्र बनबाक कारणे प्रदेश मे काल्हि सँ सात अक्टूबर धरि वर्षाक परिस्थिति बनल रहत। आइ पटना, भागलपुर, गया, सीवान, जमुई, लखीसराय आ खगड़िया सहित कतेको जिला मे मुसलाधार वर्षा भेल अछि। मौसम विभाग एहि अवधि मे राज्यक पूर्वी आ उत्तरी भाग मे किछु ठाम भारी सँ अत्यंत भारी वर्षाक संभावना जनौलक अछि। एम्हर, विभाग आइ किशनगंज आ कटिहार जिला मे किछु स्थान पर भारी वर्षाक चेतावनी जारी कयलक अछि।

—————————————————————————

बेगूसराय सदर प्रखंडक वनद्वार मुसहरी गाम मे डायरिया सँ एखन धरि सात लोकक मृत्यु भऽ गेल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे मृतक सभ मे पांच बच्चा सम्मिलित छथि।

—————————————————————————

समाप्त